

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nulis mangrupa salasihiji kaparigelan nu kudu dikawasa ku siswa. Nulis téh mangrupa kaparigelan basa anu kaopat sanggeus ngaregepkeun, nyarita, jeung maca. Ieu kaparigelan téh mangrupa hiji kagiatan anu produktif jeung éksprésif (Tarigan, 2013, kc. 3). Salian ti produktif jeung éksprésif, kaparigelan nulis ogé miboga sipat nu aktif.

Kaparigelan nulis ngawajibkeun kagiatan pikeun nepikeun basa ka nu séjén. Ku kituna, dina pangajaran nulis guru kudu mampu nyiptakeun suasana diajar anu aktif jeung kréatif sarta tujuan pangajaran nu dipikaharep bisa kahontal kalayan hadé. Kagiatan nulis mangrupa salasihiji kaparigelan basa nu dianggap hésé pikeun dicangkem ku siswa (Wahyuni, 2013). Saluyu jeung éta pamadegan, sanajan nulis mangrupa kagiatan anu dianggap hésé, tapi nulis téh jadi kawajiban husus pikeun dunya atikan, utamana dina widang kabasaan.

Dumasar KIKD Mata Pelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMP/MTS kelas VIII, aya sababaraha matéri dina pangajaran nulis anu kudu ditepikeun ka siswa, di antarana nyaéta nulis guguritan anu kaunggel dina Kompetensi Dasar (KD) 3.5 anu unina “*Mengidentifikasi fungsi sosial, struktur dan unsur kebahasaan dari guguritan pupuh Durma dan Mijil*”.

Kiwari kaparigelan nulis masih dianggap kagiatan anu paling kompléks. Kitu ogé pangajaran nulis di sakola masih dianggap hésé. Dumasar kana panalungtikan hasil survéy ka sakola sarta ngawawancara guru basa Sunda anu ngadadarkeun yén hasil pangajaran nulis siswa téh masih héngkér. Ieu hal dibuktikeun tina hasil nilai anu masih kurang tina KKM. Kamampuh nulis guguritan siswa téh dianggap masih kurang ku sabab aya pasualan-pasualan dina nyieun rumpakana anu kudu saluyu jeung ugeran tiap pupuh anu béda-béda, diantarana: inti tulisan, amanat, pilihan kecap, guru lagu, guru wilangan, eusi carita. Ieu hal saupama diantep tangtu bakal kapapanjangan anu ngabalukarkeun siswa jadi *frustasi*, sarta ahirna bakal nimbulkeun rasa *jenuh* jeung kurang sumanget dina diajar nulis.

Lisna Yulia Herliani, 2018

MODÉL MIND MAPPING DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kegiatan nulis téh bisa dilakukeun dina rupa-rupa widang, boh widang sastra boh non-sastra. Salasahiji conto tulisan nau mangrupa kabudayaan Sunda dina widang sastra nyaéta guguritan. Ku kituna kudu dilestarikeun sangkan barudak ayeuna mikawanoh jeung mikanyaah kana kabudayaanna sorangan. Salian ti éta guguritan mangrupa karya sastra buhun anu kudu diaprésiasi sarta mangrupa titisan ti kolot baheula. Éta hal saluyu jeung pamadegan Wahyu Wibisana dina Ruhaliah (2012, kc. 96) anu nétélakeun yén istilah guguritan geus ilahar dipaké dina sastra Sunda, nyaéta pikeun nuduhkeun hiji karangan anu ditulis nurutkeun padika pupuh.

Ku kituna hiji pangajaran bisa disebut suksés gumantung kana kalancaran nalika prosés diajar-ngajar. Salah sahiji hal anu kudu aya jeung dijadikeun cecekelan ku guru dina ngajar nyaéta modél pangajaran. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Surachman dina (Heriawan, 2012, kc. 74), anu nétélakeun yén modél pangajaran téh mangrupa cara, prosés, téhnisna hiji bahan pangajaran pikeun lumangsungna kagiatan diajar-ngajar anu ditepikeun ka murid-murid di sakola.

Guru kudu rancangé dina milih modél pangajaran anu cocog, sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal, jeung bisa ngahudangkeun karesep atawa minat diajar siswa kana basa Sunda. Ku sabab nulis téh mangrupa kagiatan anu kompléks, ku kituna kudu aya hiji modél anu bisa mantuan siswa pikeun méré stimulus sangkan leuwih babari dina ngébréhkeun eusi pikiranana.

Salasahiji modél pangajaran anu dianggap bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis hususna guguritan nyaéta *Mind Mapping*. Ieu modél pangajaran dina hakékatna mah mangrupa strategi dina ngajar pikeun mantuan guru dina matalikeun antara matéri nu diajarkeun jeung kaayaan siswa sangkan matéri nu ditepikeun bisa dicangking sacara maksimal sangkan kahontal hasil prosés diajar ngajar.

Buzan (2013, kc. 32) nétélakeun:

“Mind Map mempunyai banyak kelebihan, termasuk diantaranya kelebihan dapat menghemat waktu, mengatur dan menjernihkan pikiran, menghasilkan gagasan-gagasan baru, dapat mengikuti perkembangan hal-hal yang sedang dilakukan, memperbaiki daya ingat dan konsentrasi secara dramatis, menstimulasikan lebih banyak bagian otak, memudahkan melihat gambaran keseluruhan perihal sesuatu”.

Anapon panalungtikan anu kungsi nalungtik maké modél *Mind Mapping* nyaéta Aprelia Meganur Sanjaya Putri (2017) “*Métodeu Mind Mapping (Peta Pikiran) dina Pangajaran Nepikeun Laporan Lalampahan (Panalungtikan Kuasi-Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-B SMP Negeri 10 Bandung Taun Ajaran 2016/2017)*”. Salian ti Putri, aya ogé nu ditulis Risa Nurul Fauziah (2016) “*Modél Mind Mapping Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi-Ékspérimén ka Siswa Kelas IX-B SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*”. Satuluyna, aya ogé panalungtikan nu dilaksanakeun ku Ginanjar Pamungkas (2013) “*Modél Mind Mapping dina Pangajaran Nulis Résénsi Novél (Studi Kuasi-Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPS 2 SMA Laboratorium (Percontohan) UPI Taun Ajaran 2012/2013)*”.

Ieu panalungtikan téh dianggap penting ku sabab kurangna minat jeung kamampuh siswa dina nulis guguritan. Guru kudu ngawanohkeun ka siswa sarta méré motivasi sangkan ieu guguritan nu mangrupa kabudayaan sarta warisan ti kolot baheula téh bisa dipikaresep jeung dipikareueus ku generasi jaman ayeuna anu satuluyna bisa diwariskeun ka adi-adina sarta ieu panalungtikan téh miboga bébédaan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan leuwih nalungtik kana *penerapan* modél pangajaran *Mind Mapping* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan. Sedengkeun panalungtikan saméméhna mah nalungtik ngeunaan *penerapan* modél pangajaran *Mind Mapping* dina nepikeun laporan lalampahan, nulis warta, sarta nulis résénsi novél. Salian ti éta, mémang aya ogé nu nalungtik pangajaran nulis guguritan, tapi henteu ngagunakeun modél *Mind Mapping*. Lantaran modél *Mind Mapping* can kungsi dilarapkeun kana pangajaran nulis guguritan, panalungtik ngarasa kairut pikeun nalungtik ieu masalah. Ku kituna ieu skripsi dijudulan “*Modél Mind Mapping dina Pangajaran Nulis Guguritan (Studi Kuasi-Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2017/2018)*”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan, baris dipedar saperti ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara masalah anu kaidéntifikasi, di antarana:

- Kurangna kamampuh nulis guguritan siswa ku sabab aya kahéngkérana dina nyusun kekecapan sacara gembler sarta teu bisa ngébréhkeun ide-ide nu aya dipikiranna jadi hiji karangan.
- Modél *Mind Mapping* acan kungsi dipaké dina pangajaran basa Sunda hususna matéri guguritan.
- Pangajaran basa Sunda kurang dipikaresep ku siswa lantaran teu ngirut atawa *monoton*. Sabab modél nu digunakeunna masih ceramah, acan aya inovasi séjén nu leuwih kréatif dina prosés diajar ngajar ka siswa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap:

- Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*?
- Kumaha kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*?
- Naha aya bédana anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saperti halna nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara jéntré panalungtikan ieu mibanda dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nyaéta nguji modél pangajaran *Mind Mapping* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung.

Lisna Yulia Herliani, 2018

MODÉL MIND MAPPING DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*;
- b. Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*;
- c. Béda anu signifikan kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa miboga pangaweruh ngeunaan basa Sunda, sarta kudu ngawasa kana pangajaran nulis. Kitu ogé kudu ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran nulis guguritan. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kréatifitas guru dina ngagunakeun modél pangajaran sangkan teu *monoton*. Salian ti éta dipiharep ogé bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina nyangkem pangajaran di sakola, sarta bisa ngaronjatkeun minat pikeun leuwih resep diajar basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat praktis nu bisa dihontal pikeun panulis ogé masarakat di antarana nyaéta:

- a. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina nulis guguritan.
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré gambaran modél pangajaran nu kumaha nu bisa ngaronjatkeun kamampuh pangajaran nulis guguritan.
- c. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél pangajaran *Mind Mapping* saméméh jeung

Lisna Yulia Herliani, 2018

MODÉL MIND MAPPING DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sabada panalungtikan, jeung bias jadi salasahiji modél nu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi, raraga tulisan diwangun ku lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Ulikan pustaka anu ngawengku modél pangajaran, modél *Mind Mapping*, wangenan *Mind Mapping*, kaonjongan jeung kahéngkérangan modél *Mind Mapping*, mangpaat modél *Mind Mapping*, léngkah-léngkah modél *Mind Mapping*, konsép nulis, wangenan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis, mangpaat nulis, rupa-rupa tulisan, guguritan, wangenan guguritan, unsur-unsur guguritan, conto guguritan, pangajaran nulis guguritan dina KIKD mata pelajaran bahasa Sunda SMP/MTs taun 2017/2018, ambahan bahan ajar basa Sunda dina pangajaran nulis guguritan, modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis guguritan, sarta panalungtikan saméméhna.

Bab III Métodologi Panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, instrumén tés, instrumén observasi, téhnik ngumpulkeun data, analisis data, uji gain, uji sipat data, uji normalitas, uji homogénitas, uji hipotésis jeung prosedur panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngawengku kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*, kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*, analisis béda signifikan kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2017/2018 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*, jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.

Lisna Yulia Herliani, 2018

MODÉL MIND MAPPING DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu